ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№131 (22.789) • 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 9, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмкlэ щыlэ советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмкlэ щыlэ советым хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмкlэ щыlэ советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм щыщхьэуIуи и 1-м къыдигъэкIа Указ №121-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м
№140-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м къыдигъэкIа Указ №140-УГ-мкIэ къыщIащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмкlэ щыlэ советым ХЭТХЭР

КIуэкIуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

Чеченов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщlыр *(Советым и тхьэмадэм и къуэдзэр, зэгурыIуэу)*

Храмов К. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlыр *(Советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Алътуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и апэ къуэдзэр *(Советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Ажахъуэ Къ. М. - «БУМ-БАНК» коммерческэ банк ООО-м и правленэм и унафэщlыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и коммерческэ зэгухьанэIуэхэм я союзым («Налшык» бизнес-клуб) и тхьэмадэр *(зэгурыIуэу)*

Iэщын С. А. - Къэрал мылъкыр зехьэныжкlэ федеральнэ агентствэм и щIыналъэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и унафэщlыр *(зэгурыIуэу)*

Жэмыкуэ А. М. - Мылъкыр къэралым итхьныжкlэ, кадастрыжкlэ, картографиемкlэ федеральнэ кlуалыкъщIапIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и унафэщlыр *(зэгурыIуэу)*

КIэрэф М. А. - Налогхэмкlэ федеральнэ кlуалыкъщIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэм и унафэщlыр *(зэгурыIуэу)*

Кладько И. Е. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкlэ и министр

Кузнецов В. М. - «Кавказкабель» кабель завод» акционер зэгухьанэныгъэ зэхуэщIам и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуэу)*

Лыхь З. А. - «Урысей мэкъумэш банк» акционер зэгухьанэныгъэ зэlухам и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iэхъущlапlэм и унафэщlыр *(зэгурыIуэу)*

Мишковэ И. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныныгъэмкlэ и министрыр *(Советым и секретарщ)*

Рыжиков А. В. - «Москва и индустрие банк» акционер зэгухьанэныгъэ зэlухам и Iэхъущlапlэу Налшык къалэм щыlэм и унафэщlыр *(зэгурыIуэу)*

Тау П. Къ. - Хъэрычэтыщlэхэм я хуитныныгъэхэр хъумэныжкlэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыlэр *(зэгурыIуэу)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухэзныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкlэ и министрыр

Урысбий Хь. Хь. - «Урысейм и ХъумапIэ банк» акционер зэгухьанэныгъэ зэlухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iэхъущlапlэ №8631-м и унафэщlыр *(зэгурыIуэу)*

Хьэжу В. Щ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хъэрычэтыщlэхэмрэ я союз» лэжьапIэ зытхэм я щIыналъэ Iэхъущlапlэм и унафэщlыр *(зэгурыIуэу)*

Чочаев А. М. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Инвестицэхэмрэ зыужьныныгъэмкlэ и агентствэ» акционер зэгухьанэныгъэ зэlухам и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуэу)*

Щыхьмырзэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министрыр

Эндреев Б. А. - «Налшык» банк ООО-м и правленэм и унафэщlыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Банкэмрэ страховщикхэмрэ я ассоциацэм и президентыр *(зэгурыIуэу)*

● Гуфlэгъуэ пшыхь

КъБКъУ-м и ИДАМиТ къудамэр къэзыуха Шыбзыхъуэ Астемыр и диплом плъыжьыр ректор Къарэмырзэ Барэсбий къретыж.

Диплом плъыжькIэ къэзыухахэр ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 2014 гъэм диплом плъыжькIэ къэзыухахэр Налшык и Театр ЩхьэнтIэм щагъэлъэпIащ. ЕхъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа щIалэгъуэлэм ехъуэхъуну гуфIэгъуэ пшыхьым зыкърагъэхъэлIащ КъБР-м и Парламентымрэ министерствэхэмрэ я лЫкIуэхэм, КъБКъУ-м, абы къепха институтэмрэ колледжхэмрэ я унафэщlхэм, егъэджакIуэхэм, адэанэхэм, благъэ-Iыхьлыхэм, нэгъуэщIхэми.

ЗЭIУЩIЭР щIэщыгъуэу икIи гъэщIэгъуэну ирагъэкIуэкIащ телевиденэм и лэжьакIуэхэу Сердюков Станиславрэ Аттаев Азнаурэ, Нэгъуей Мухьэдин и театрым и артисткэ Нэгъуей ФатIимэ, МафIэдз Линэ сымэ. Абыхэм крихьэлIахэр щагъэгъуэзащ университетыр Урысей Федерацэм нэхъыфIу къыщалъытэ еджапIэ 20-м зэрыхабжэм, 2013 - 2014 гъэхэм КъБКъУ-м зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэфIхэр зыхуэхъуэ.

Ятэу псалъэ иратащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Битокъу Владимир. КIуэкIуэ Юрий къыбгъэдэкI псалъэ гуапэхэр зыхуэгъэза щIалэгъуалэ гупым яжриIэжа нэужь, абы къыхигъэщащ ди университетыр ехъулIэныгъэкIэ къэзыухахэм я щIэныгъэм республикэри къэралри зэрыхуэныкъуэр.

Пшыхьыр зыхуэгъэзахэм дахэу ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым щIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьанэныгъэхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iэхъуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI Хьэщхъуэжь Татьянэрэ КъБР-м цIыхум и хуитныгъэхэр хъумэныжкlэ и уполномоченнэ Зумакулов Борисрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ ди щIыналъэр егъэфIэкIуэныжкlэ КъБКъУ-м и лэжьакIуэхэм Iуэхушхуэ зэрызэфIахым, ягу къагъэкIыжащ студенту щыщыта зэманхэр. Абыхэм жаIащ нобэ дипломхэр зыIэрыхьэжахэм я пщэ унагъуэми къэралми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэнхэр къызэрыдэхуэр.

- ЗэфIэкI лъагэ фызэриIэм и щыхьэтщ КъБКъУ-р диплом плъыжькIэ къызэрывухар. Сыныбвохъуэхъу фи махуэ лъапIэмкIэ, - жиIащ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий. - Къэралым и еджапIэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ ди университетыр. Абы и щыхьэтщ ар къэзыуха ныжьыщIэхэм я цIэр дэнэкIи фIыкIэ зэрящыIур, IэщIагъэлI гъуэзэджэхэр къазэрыхэкIыр. Мы гъэм къэзыуха гупым сыныбохъуэхъу фэри абыхэм ящыщ фыхъуну. ГъащIэм кIуэ пэтми зехъуэж, хэбгъэзыхьмэ, ильэс бжыгъэ гуэр блэкIа нэужь, ар къыпхуэмыцIыхуэжыпкIи хъунщ. Си гуапэщ сыт хуэдэ зэманми декIуэкIыфын цIыху губзыгъэу фыщытыну.

Мы гъэм КъБКъУ-м къыщIегъэкI IэщIагъэлI 3155-рэ. Абыхэм ящыщу 319-м диплом плъыжьхэр иратыжащ.

Пшыхьыр нэгузыжь ящIащ КъБКъУ-м уэрэдымкIэ и «Амикс» театрым, «Кьафэ», «Калисто», «Стимул», «Солнышко» къэфакIуэ гупхэм.

ТАБЫЩ Динарэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэм жылагъуэ транспортым пщIэ щIатынукъым

Республикэм щыlэ автотранспорт Iуэхущlапlэ псоми даIыгъащ Хэку зауэшхуэм хэтахэр пщIэншэу къеушэкIыным теухуауэ къыхалъхьа жэрдэмыр.

Зауэм хэтахэм я удостоверенэхэм худалъхьэн папщIэ иратынущ абыхэм къалэ кIуэцIхэми муниципальнэ щIыналъэхэми жылагъуэ транспорткIэ пщIэншэу кIуэну хуит зэращI тхьылъхэр.

КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Аруан щIыналъэ

Нарткъалэ и гъуэгухэр

Республикэм и къалэ, къуажэ кIуэщI гъуэгуэм ятелъ асфальтым зэран хуэмыхъуу къэнакъым иужьрей лъэхъэнэм щыIэ уэлбанэ кIыхьыр. Абы къыхэкIыу щIыпIэ куэдым зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьныгъэхэм иужь щихьащ.

ГъатХэ дыззэрытехьэрэ Нарткъалэ гъуэгу лэжьыгъэхэр щызэпэырхьыж. Иджыпстуи абы щолэжь Шэджыкхэщlэм, Калининым, Гъурфым я цIэхэр зезыхьэ, Къэхъун, Красно уэрамхэм. Къалэ унафэщlхэм къызэрыхагъэщащкIэ, нобэ цIыхур псом нэхъ гугъу щехьыр нефтебазэм пэгъунэгъуу кIуэцIрыкI Гъурфым и уэрамырщ. Абы иIэ уэххэм сыт щыгъуи псыр иреубыдэ. Ауэ щыхъукIэ, абдеж псы жаIэ хуащIыну зэкIэ Iэмал щыIэ-жаIэ. Апхуэдэ щытыкIэм и зэранкIэ асфальтыр щIэх-щIэхыуэ къотIасхъэ. Къэлъытатпхъэщ, абы щызекIуэ транспорт бжыгъэри зэрыныр. Мы щIыпIэм ремонт лэжьыгъэхэм щыщIадзэн и пэ уэзышпсыр игъуэщкIин хуейщ. АпщIондэку Къэхъун уэрамым лэжьыгъэхэр нэсу къыщрахьэлIэну я мурадщ.

Къалэ администрацэм щыгъуазэ дыззэрищIамкIэ, Нарткъалэ и закъуэ гъуэгуу метр зэбгъузэнатIэ мини 2-м нэс щызэрагъэпэщыжьнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэджэм щIыналъэ

ДяпэкIи пащэнущ

«Кавказ» Р-217 федеральнэ автомобиль гъуэгур зэIуэпэщ щIыным, санитар пщалъэм къигъэтIэсэным, гъуэгубгъу Iуэхутхьэбзэщ1апIэхэр, абыхэм я Iэшэлъашэр зыхуей хуэгъэзэным Шэджэм муниципальнэ районым щогугъу.

КъУАЖЭХЭМ я щIыпIэ администрацэхэм, щIыр зезыхьэ бэджэндырылажьэхэм, егъэджэныгъэмкlэ, щэнхабзэмкlэ, спортымкIэ IэнатIэхэм я лЫкIуэ 500-м щIигъу а Iуэхум жыджэру хэтащ, техникэу 8 къэгъэсэбэщ, пхъэнкIийуэ кубометр 40 дашащ.

Лэжьыгъэм дяпэкIи пащэнущ.

КIАРЭ Элинэ.

● Щэнхабзэ

Иджыри къахохъуэж

Налшык лэжьэн щыщIидзэжащ тхьилъ хъумапIэ системэм и 5-нэ къудамэу Идар Темрыкъуэ и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым.

БИБЛИОТЕКЭМ и унафэщI Боштокова Иринэ зэрыжиIэмкIэ, къалэ администрацэмрэ щэнхабзэмкlэ управленэмрэ лъэныкъуэ псомкIи къыхуащIа гулыытэшхуэм и фIыгъэкIэ унэр зыхуей хуэзэу къагъэщIэрэщIэжащ икIи, къызэрилъытэмкIэ, мы тхьилъ хъумапIэр къыщыхэзIуахьыжа хъэблэм и дежкIэ тыгъэ инщ.

Нобэ библиотекэм щIэджыкIакIуэу иIэр мини 3-м ноблагъэ. Ар мащIэкъым икIи щыгуфыкIыпхъэщ, тхьилъым и пщIэм, зэман и пэкIэ абы иIыгъа уВыпIэ лъагэм нэрылъагъуу зэрызиIэтыжьыр.

Библиотекэм мы зэманым иIэ тхьилъ гъэрылъагъэ мин 13-м нызэрохьэс. Зыхиубыдэ лIэужьыгъуэ елъытауэ ахэр псори гуэшащ. КъищынэмыщIауэ, дэтхэнэ зы щIэджыкIакIуэми интернетыр пщIэншэу къигъэсэбэн хъунущ. Апхуэдэу абыхэм Iэмал яIэщ УФ-м и лъэпкъ электрон тхьилъ хъумапIэ иныи и тэтIылъыгъэ нэхъ лъапIэхэм щыгъэзэ зыхуащIыну. Къапщтэмэ, абы щIэджыкIакIуэм къыщIигъуэтынущ ижь зэманым къыдэкIа тхьилъ зэкъуэтIакъуэхэр, тхыдэм пыща тхылъэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я дэтхэнэми копие тезыхьу къэзыгъэсэсэбэну хуей хэмкIэ езы библиотекэм и компьютер Iуэхутхьэбзэхэр хъэзырщ икIи зыхуей тхылъэхэри щыхутрадзэнущ. Апхуэдэу къэрал IэнатIэхэм я сайтхэми хуиту упащIэнущ.

Кузд дэмыкIыу мыбы щагъэувынущ «Skype» программэр. Абыкlэ библиотекэм къекIуалIэхэм зыпащIэурэ къалэ жьжьхэмэ, нэгъуэщI къэралыгъуэхэм щыпсэу я IыхьлыхэмI, ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм тыншу епсэлъэфынущ. Гуапэщ, тхьилъым и пщIэр къэIэтыжьыным гулъытэ хэха щыхуащI щIэджыкIэхэм иджыри зы къаззрыхэхъуэжар.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Зауэр гъэувыIэным и телъхьэхэр

Европэм щынагъуэщIа-гъэр къыщIэзгъэпэщыныгъэ щIыпIэхэлъэныкIэ зэгухьанныгъэм (ОБСЕ) зэпымыууэ лажьэ и совет-ым хэтхэр зэхуэсу Украинэм щыIэ щыгъэсэлъэныгъэ къыхуриджащ Урысей Федерацэм.

«Зэпымыууэ лажьэ совет-ым хэтхэр икIэщIыпIэкIэ дызэхуэсу Украинэм щыпсэуэхэм лежьыхуэ къаззрытехьэм, а гуэвэгъуэр къызэтегъэувыIэным хэкIыпIэ хуэхъуныхэм дегупсысыну къэдгъэуващ, - жиIащ УФ-м и лIыкIуэу ОБСЕ-м щыIэ Келин Андрей. - Зауэр гъэувыIэным Iэмалу щыIэр къыхуэгъэсэбэпын, зи псэм тешынхьэ цIыхуэр а щIыпIэм къыпIэнымкIэ защIэгъэкъуэн, ахэр Iэмалыншэу зыхуей ерыскъыр хъэпшыпхэмкIэ къызэгъэпэщIхьащ. Абы пIалъэ къыхэбгъэкIыжкIэ Iэмал имыIэжу щытыкIэр тклий дыдэ хъуащ».

Щытыкlэр нэхъри гугъу ещI Украинэм и президент Порошенко Пётр зауэр игъуэвыIэн мурад зэримыIэм. Абы нэхъ пасэу зэрыжиIамкIэ, Донецкрэ Луганскрэ къаухъурехьу, зыкъзэрытэхэр зыкъэтыным ирихуIэну и гугъэщ. А псалъэхэм къагъэлъагъуэ лажьэ зимыIэ цIыху куэд а щIыпIэм къызэринам, сабийхэм, цIыхубзхэм, жылIэфэкIэхэм леишуэ къаззрытехьэм, а зыкъзэрытэхэр внафэщIхэр зэремыгупсысыр.

Иужьрей илъэсипщIхэм къэмыхъуауэ

Японием и Окинавэ префектурэм къытеззрыгуа «Ногури» зыфIаща гъэужькуийм зыщдахъумэу цIыху мелуан ныкъуэм я псэупIэхэр ябгынэн хуей хъуащ.

Метеорологхэм къызэрылытэмкIэ, апхуэдэ лъэщагъэ зиIэ жыв кIэрахъуэ иужьрей илъэсипщIхэм къэхъуакъым. Километр 28-рэ зы сыхьэтым зэпызыч жыв кьрихужьа псым метр пщыкIуплкIэ зыкъиIэтащ.

США-м и дзэ баззэхэу а хьатIыгум щыIэхэм я унафэщlхэри хуабжьу тогуэзвыхь гъэужькуийр зэран къахуэхъуныи. Абыхэм я кхъухьлъатэ хьщI нэгъуэщI щIыпIэхэм - Японием псыдзэр зыпIэмыIэсыну и щIыналъэхэм, Корее Илпщм, Гуам хьатIыгум ягъэIэпхъуащ.

Апхуэдэуи къэрал унафэщlхэр тогуэзвыхь «Ногури» и гъэгум тет АЭС-хэр зэтрикIытэнкIэ, абы къыхэкIыи станцхэм я реакторхэм я лэжьыгъэр нэгъуэщI мардэхэм трауауэ. Атом станц нэхъ зытеШыныныхэм зэрящу тIур Кюсю хьатIыгум щыIэщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, бадзэуэгъуэм и 10-м щыдгъэжьыжьа жьыуэ гъуэжькуийр и къару псомкIи а щIыналъэмебгъэрыкIуэнущ.

Ди лIэщIыгъуэм и 43-нэ къыдагъэкIауэ

Урым лъэхъэнэм зекIуэ ахьшэ жьгъей 26-рэ къыщагъуэтащ Инджылызым хьхьэ Даудейл ауэым.

Археологхэм бгъуэнщIагъым къыщIаха ахъшэхэр тельыджэ къащIыщыхьуар абыхэм я ныбжьыщ: ди лIэщIыгъуэм и 43-нэ гъэм къыдагъэкIащ ахэр, урымхэр Британием теуэным и пэ къыхуэу.

ГъэтIылъыгъэр къэзыгъэтар а щIыпIэм щыгъэсащ. Зыплъыхьын зыфIэфI цIыхухъур бгым дэкIауэ уэбланэм хиубыдэри, абы зыщIихьумэу бгъуэщIагъым щIэпщхьащ. ЗэмангъакIуэу здэщысым, гъущIэжкIэр къызэралъытхъуэ и Iэмэпсымэм и зэфIэкIыр здынэсри игъэунэхуну мурад ищIащ. Абыкlэ жьгъеящыр къигъуэтащ. Ахэр Британием и лъэпкъ фондым ихьащ икIи абы и лэжьакIуэхэм яригъэлъэгъуащ дыщэ, дыжьын жьгъейхэр къыщIигъуэта щIыпIэр зыхуэзэр.



♦Аргентинэ Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ

♦Индонезием президент щыхах.

♦1945 гъэм ВКП(б)-м и Налшык къалэ комитетым унафэ къищтащ Хэку зауэшхуэм ныкъуэдкIуэ щыхъуахэм защIэгъэкъуэным теухуауэ.

♦1959 гъэм Налшык и Театр ЩхьэнтIэм Пятницкэм и цIэр зезыхь къэрал академическэ хорым и концерт щекIуэкIащ.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубз усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокIу.

♦Сурэтыщl-живописец **Хьэжу Руслан** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокIу.

♦УФ-м и цIыхубз артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, «Ника» саугъэтыр тIэунейрэ зрата **IэхъуэджакIуэ Лие** къыщалъхуа махуэщ.

♦ЩIэрджэс еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бесльэней Чэмал** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэзых къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 25-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъэмахуэм гупкIэ жьауэри унэщ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корпущэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэсалъэ хъун телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Сыт и лъэныкъуэкIи

● ЩIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжкIэ и IэнатIэм зегъэужьныжкIэ 2020 гъэм тещIыхьауэ щыIэ программэм ипкъ иткIа, бадзэуэгъуэм и 10-м Сабий унэм къыщызэIуахыну узыфэ хьэлъэ къызэуэлIахэм ар ящыгъэпсынщIэным хуэхаха «хоспис» Iуэхущlапlэ.

АР КЪУЭЗРАГЪЭПЭЩ яхуэмыгъэхъужыну узыфэ хьэлъэ зыпкъыт сабий ныкъуэдыкъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи медицинэ хуэIухуэщIэ ягъэгъэтын папщIэ. ЕщIагъэлIхэм я къаэнщ сымаджэхэми абыхэм я благъэ-Iыхьлыхэми дэIэпыкъуну. ЗэрытщIэщи, сымаджэ хьэлъэ зиIэ унагъуэ гугъуехь куэдым пэщIэтын хуей мэхъу. Iуэхущlапlэм щыIэну дохутырхэм яхэтщ педиатр, невролог; онколог; психотерапевт, психолог. Абы щылажьэну ЕщIагъэлIхэр хуригъэджащ сабий сымаджэхэм я гъащIэр нэхъ тынш зэрыщащIыну Iэмалхэм.

Iуэхущlапlэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэщащ. Абы щIагъэуващ сымаджэм зэрыкIэлъыплъыр медицинэ Iэмэпсымэ лъапIэхэр.

Къапщтэмэ, мыпхуэдэ Iуэхущlапlэм и къалэн нэхъыщхьэр яхуэмыгъэхъужыну сымаджэхэм дэIэпыкъуурэ псапэ зыщIэ медицинэ къызэгъэпэщынырщ.

КъБР-м Узышагъэр хъумэныжкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

ХэкIыпIэщIэхэр къалъыхъуэ

Къабардей-Балъкъэрым хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ Тау Пщыкъан иригъэкIуэкIащ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ мащIэмрэ курыт-хэмрэ зегъэужьныным, защIэгъэкъуэным, абыхэм я хуитыныгъэхэр, хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнымкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ властым и къудамэхэмрэ граждан жылагъуэм я институтхэмрэ зэрызэдэлажьэ щыкIэр щы- зэпкъраха семинар-зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм деж щыIэ Жылагъуэ советымрэ Эксперт советымрэ щыщхэр, республикэм и муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я жылагъуэ бизнес-омбудсменхэр, министерствэхэм, Iуэхущ-IапIэхэм я лIыкIуэхэр.

ТАУ Пщыкъан и пэублэ псалъэр триухуащ хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм щигъэзащIэ кьалэныр зыхуэдэм, бизнес зегъэужьныгъэм властымрэ я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныр нэхъ фейдэ пыIуэ, егупсысауэ, гъащIэм кьигъэувэхэм пэджжэу иунэтIын зэрыхуейм.

ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэм деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщIым и къуэдзэ Ажахъуэ Къанщокий кьыхигъэщащ чэнджэщгъэ органхэм я мурадхэмрэ я кьалэнхэмрэ къэхъулIэныкIэ семинар-зэIущIэр сэбэп хъуну зэрыщыгугъыр. Псом ятеупэ хьэрычэт Iуэхум зэрызимуекIым, кьаралым кьыбгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм, абы и Iэнатlэхэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зэрахъумэ щыкIэм теухуа хьэбархэмкIэ зэхъуэжэныкIэ.

КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэджыгъу Темыркъан кьызэригъэлъагъуэмкIэ, «2014 - 2020 гъэхэм Кьэбардей-Балъкъэр Республикэм экономикэм зэрызыщиужьынымрэ щрагъэкIуэкIыну инновацэ лэжьыгъэмрэ» кьэрал программэм хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цыкIымрэ курытымрэ дэIыгъыным теухуа и программэ гуэдзэм ипкъ иткIэ, мы гъэм а Iуэхущ IапIэхэм кьэрал дэIэпыкъуныгъэу сом мелуан 276-рэ хухахыну. Абы щыщу сом мелуан 200-р федеральнэ, мелуан 66-р республикэ бюджетхэм кьэхэлъынущ, сом мелуани 10-р республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм халъхьэнущ. Федеральнэ, республикэ, щIыпIэ бюджетхэм я хьэкъкIэ, Шэсыпи фондым и мылъкум сом мелуани 194-м нэблагъэ кьыхэхъунущ, хьэрычэтыщIэ Iуэхур дэгъэкIыным, абы зегъэужьным тещIыхьа муниципальнэ программэхэм дяпэкIи мылъку хухахынущ. Кьапщтэмэ федеральнэ, республикэ ахъшэу сом мелуан 60 хуаутIыпщынущ. Цыхубэ Iэщ1агъэм зезыгъэужь хьэрычэтыщIэхэми зыщIагъэкъуэнущ. Бахьсэн, Дзэлыкъуэ районхэм еджапIэрэ лэжьапIэрэ зыхэт мэкъуэмэ бизнес-инкубаторхэр кьыщыззIуах. Абыхэм Iуэху зехьэкIэм, технологие пэрытхэм Iэщ1агъэлIэр щыхуагъэхьэзырынущ. Хьэрычэтыщ1э Iэнатlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я социальнэ проектхэр зэрыпхагъэкIыну щыкIэм тегъэпсыхьа инновацэ центр кьыщызIуахыну, хьэрычэт лэжьыгъэр зыхуэдэр хэIущIыIу щащIыну, чэнджэщхэр щагъэзэтыну зыуэ щыт хьыбарегъащIэ республикэ Iуэхущ1апIэ кьызэрагъэпащ1ыну я мурадщ.

Бэджыгъу Темыркъан зэрыжиIамкIэ, Кьэбэрдей-Балъкъэрым Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм зэрыдлажьэм и фIыгъэкIэ, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэр щызэгъэуIуа ятеуху хьыбархэр хьэрычэтыщIэ IэнатIэхэм нэгъабэ лъандэрэ УФ-м къэрал Iуэхутхьэбзэхэр щызэгъэуIуа и порталым электрон Iэмалкlэ щызэIэпхъ, апхуэдэу электрон Iэмалкlэ IэнатIэхэр зэпызыщIэ Щ1ыналъэ системэ кьызэрагъэпэщащ.

Республикэм Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм кьызэрыщалъытэмкIэ, хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зэрахъумэ щыкIэр ирагъэфIэкIуэн щхьэкIэ, властым и кьудамэхэм кьэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр нэхъ кьызэрыгуэкIрыщIым, ирагъэфIэкIуэн, хьэрычэтыщIэ IэнатIэхэм я кьалэнхэмрэ ахэр зыгъэзащIэну жэуапкIуэхэмрэ папщIэ Iуэхущ1апIэхэм я зэдай административнэ регламентхэр я гъэхъэзырын, зэпеуэхэм хэтынухэр кьыщыхахкIэ, коррупцэ нэщэнэ зыхэлъ псори кагъэкIын, хьэбархэр хуиту Iэрагъэхьэн хуейщ. Прокуратурэм и IэнатIэхэм чэнджэщ ираташ абы и лъэныкъуэкIэ хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зэрахъумэ щыкIэр я гъэлъэпыщIу.

КъБР-м и прокуратурэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныкIэ и кьудамэм и прокурор Геляев Тембулат арэзы техуащ кьэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным, кьэрщыгъэныгъэ-кIэлъыплъныныгъэ Iуэхущ1эхэр зэхуэгъэкIуэным, хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным хуэунэтIауэ властым и Iуэхущ1апIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр нэгъэсауэ кьызэрэпэща зэрымыхъум. Абы кьыдэкIуэу кьыхэгъэщащ я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ яхъумэн папщIэ, хьэрычэтыщIэхэм я зэгугъэныгъэм и лIыкIуэхэм прокуратурэм жыдэжру зэрызыхуамыгъазэр.

Хьэжу Владимир зи унафэщI «Промышленникэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союз» урысейпсо организацэм и щIыналъэ къудамэм деж кIэ нэхъыщхьэр бизнес зегъэужьныгъэмрэ властым и органхэмрэ зэрызэдэлажьэ лъэныкъуиц зэгурыIуэныгъэрц. 2014 - 2016 гъэхэм тещIыхьа а тхылъым и проектым мы зэманым хопльэ. КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Iэхъуэбэч Щамил зэIущIэм хэтхэм яхуиIуэтащ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цыкIуэхэмрэ курытхэмрэ зегъэужьныным теухуа Iуэхуг1уэхэм мылъку зэрыхуэхьыну щыкIэр. Абыкlэ нэгъабэ къалэщыта къалэн псори ягъэзэщIащ, мы гъэм республикэ бюджетым сом мелуани 107-рэ пэублэу щагъэбелджылащ. Апхуэдэу мэкъуэмэш хозяйствэм IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зыщегъэужьныным и Iуэхум министерствэм мылъку хухех. Кьапщтэмэ, фермер щIэзыдзагъащIэхэм защIэгъэкъуэным, пIалъэ кIыхькIэ, ику иткIэ, зэман кIэщIкIэ щыхуэ кьеIызыхахэм щхьэщатыкIыпхъэхэр хуетыжьным гъэ кIуам сом мелуан 270-рэ хузэщIагъэуIуащ. Мелуан 21-р республикэ бюджетым ейщ. IэнатIэ цыкIухэм кьащтэ кредитхэм техьэхэм щыщ Iыхьэ яхухэлъхьэжьным мы илъэсым сом мелуан 227-рэ хуаутIыпщынущ.

Iэхъуэбэч Щамил кьызэригъэлъэгъуамкIэ, Iуэхур зыльхьэжьа пэпощхьэпохэм ящыщщ кьэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыкIуэрэ щIыналъэ тещIыхьауэ хуэзэфIагъэкI лэжьыгъэмкIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ хуэзэр хьэрычэтыщIэхэм и чэзум зэрамытыр икIи абы хэкIыпIэ кьыхуагъуэтыну зэхуэсахэр кьигъэгугъащ.

Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зыхуэмэ жылагъуэ институтхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, властым и кьудамэхэм хуаIэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я гугъу щаIыным, семинар-зэIущIэм хэтхэм кьыхагъэщащ хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цыкIуэхэмрэ курытхэмрэ зыхуэзэ гугъуехьхэр кьызэранэкIын папщIэ, Iэмалыщ1эхэр кьагъуэтын, кьагъэсэбэпын зэрыхуейр.

Бизнес-омбудсмен Тау Пщыкъан кьызэхуэсахэр кьыхуриджащ Кьэбэрдей-Балъкъэрым Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэпыкIи и уполномоченнэм деж жылагъуэ-чэнджэщгъэгъу органзацэхэм я лэжьыгъэр зэрыщ1эзкIэлъагъакIуэ пщалъэ-правовой актхэм хуащI дагъуэхэмрэ ахэр езыгъэфIэкIуэну кьалъытэ Iуэхугъуэхэмрэ кьыщыкалъхьэу, хэкIыпIэщIэхэм лъабжьэ кьыхуэзэрагъэпэщыну.

БИЩIО Майе.

Фронтым къикI сурэт.
Ижьыкмкlэ щытыр Сэхъу Къэрэщейщ.
ИужькIэ ар „Адыгэ псалъэ" газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. *1944-рэ гъэ.*

● Банк Iуэхуэр

И мылъку хелъхьэ

Урысейм и Хъумапlэ банкым «Къэбэрдей-Балъкъэрым и хладокомбинат» ООО-м сом мелуан 583-рэ илъэси 8 пIалъэкIэ щIыхуэу хуэхихынущ.

- ПХЪЭЩХЬЭМЫЩ1ХЬЭРЭ хадзэхэкIыу тонн минипщI щахъумэну иджырей промышленнэ щIыналъэ абыкIэ яхуэхунущ. Мыр ди япэ зэдзэлажьэныгъэкъым. Iуэхум сыткIи хуэгъэпса, пхъэщхьэмыщхьэ тонн минитку зэуэ щагъэпытыну хъумапlэ екIу 2012 гъэм ди мылъкукIэ компаниеу иухущ, - къигъэлъэгъащ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

ХуэунэгъэщIэр зэфIэкIмэ, предприятэм и лъэщагъым хэхъуэнущ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм, М3зкуу кьалэм, Мэзкуу областым я сату Iуэхущ1апIэ инхэр илъэс псом фIагъэшхуэз зиIэ продукцIкIэ кьызэригъэпэщынущ, апхуэдэу IэнатIэщIэу 245-рэ кьызэIуихынущ.

Урысейм и Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Унагъуэ

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм и махуэм ирихьэлIэу Налшык кьалэ администрацэм «Лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ щIыпIэ» медалыр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу илъэс бжыгъэ дахэ кьызэдэзыгъэщIа зэщхьэгъусэ 19-м щратыжащ. Урысей Федерацэм Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм и махуэр щыщIэныгъэ щIэныкIэ и кьызэгъэпэщащ1уэ комитетым иубзыхуа медалыр хуагъэфэщащ илъэс 25 е нэхъыбIэ кьызэдзэзыгъэщIа, Iуэхущ1афэкIэ, бын гъэсэныгъэкIэ щапхъэу кьалъытэхэм. Абыхэм яхэтащ «налкъутналмэс хьэгъуэлIыгъуэр» зыгъэлъэпIащ Мокийхэ Стефанрэ Клавдиерэ, Порохня зэщхьэгъусэхэу Юрийрэ Александрэрэ.

- ФЭ зэхущытыкIэ дахэм фрищапхъэщ, - захуигъэзащ Налшык кьалэ администрацэм и унафэщI **Кьуэдзокьуэ Мухьэмэд** медалыр зратахэм. - Нобэрей зэманым псом хуэмыдэжу дыхуэныкъуэщ щIалэгъуалэр зыщIэтпыкIын апхуэдэ щапхъэхэм. Сыныввохьэзхьу махуэ лъапIэмкIэ. ЕхъулIэныгъэфIхэр гъащIэм щызыIэрызыгъэхьэф бын дахэ вгъэсащи, абыхэм я гулъытэ куэдрэ зыльысыжьын фIыхъунущ ди гуапэщ.

- Унагъуэрщ гъащIэм щынэхъыщхьэр. ЗэгурыIуэ зи унагъуэ илъхэм я лжьыгъэ IэнатIэмэ гурыфIыгуэ кьыхахьф. Бэзэчу зэхущытыныр, пщIэ-нэмыс зэкIалъэхьэныр, зым адрейр зыхищIыкIыныр, зэхуэгъэгъу яку дэлъныр унагъуэ быдэм и нэщэнэхэщ. Сыныввохьэзхьу махуэшхуэм гурыфIыгъуэ кьыфхуздихьну, бын гуфIэгъуэ куэдрэ флъагъуну! - екъуэхьуащ унагъуэзэм Налшык кьалэ ЗАГС-м и къудамэм и унафэщI **Шэру Валентинэ**. Абы и гуапэу кьыхигъэщащ илъэс кIуам нэхъыбэ щIэблэ республикэм кьыхэзыхьуар, дунейм ехьжахэм я бжыгъэм зэрыхэщIар.

● ТхылъыщIэ

Лыхьхэ я лъэпкъыр

«Тетраграф» ООО-м иджыблагъэ дунейм кьыщытехьащ Лыхьхэ я лъэпкъым теухуа тхылъыщIэ, «Род Лиховых» зи фIэщыгъэ лэжьыгъэр и Iэдакъэщ1экIщ Каменномост (Къарамэхьэблэ) дэт курыт еджапIэ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ Лыхь Людмилэ.

ТХЫЛЪЫМ щызэхуэхьэсащ унэщIэр кьызытекIауэ мы зэманым къэса хьыбархэр, дамыгъэхэр, архив дэфтэрхэр, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я щIэ-унэцIэхэр, Лыхь лъэпкъым щыщхэр щыпсэу щIапIэхэр, щIыху щхьэхуэхэм я ятеуху очеркхэр. Апхуэдэу тхылъым куэду итщ зэман зэмылIэужьыгъуэхэм траха сурэтхэр, абы си гугъу щыщIар наIуэу уи нэгу кьыщIагъэхъэрэ лэжьыгъэр ягъэбейуэ.

«Род Лиховых» тхылъым зи гуащIэ мымащIэ езыхьэлIа Людмилэ Къэпщэ Хьэжьисмел ипхъущ. Лыхьхэ я ныкъуэ. Ар илъэс 26-рэ хуэдизкIэ щыпсэуащ, категорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакIуэщ. Гудзакъэ зиIэ бзыльхугъэ щыпкъэр фIыуэ яльагъу, абы пщIэи хуащI кьыдэлажьэхэми зыхэс лъэпкъми. Тхылъым хуитха пэублэ псалъэм зэрыщыжьIащи, Лыхь лъэпкъри адыгэм и тхыдэм и зы Iыхьэщ, щыпсэу республикэми къэралми я фIыр и фIу, я Iейри ядигуэшу къоГуэгурыкIуэ. Къэбгъальагъуэмэ, Лыхь лъэпкъым щыщу Къарамэхьэблэ дэсщ унагъуэ 41-рэ. Адрейхэр щопсэу Дзэлыкъуэ районым и къуажэхэм, Ставрополь краим, Налшык, Нарткъалэ, Бахъсэн, Тырныауз, Москва, Черкесск къалэхэм, США-м, Мысырым.

- Тхылъ стхыныр кьызэгъэкIыну си щIыхьэпIэ кьыхэхуэрэтэкъым. Псори кьыщежьар си хьыджэбз Иннэ 10-нэ классым щIэсу «Род Лиховых» лэжьыгъэ игъэхъэзырын хуеI щыхъуащ, - жеIэ Людмилэ. - Ар Налшык щекIуэкIа зэпеуэхэм кьыщыхэжаныкIащ, ятеувыпIэри кьыщихьауэ щытащ. Зы папкэ щIыкIу хуэдиз хъурт ари, мыпхуэдизэ зэхуэхьэса щыхьэкIэ щхьэ кьыпытщэ мыхъурэ кьытIэри, яужь дихьащ. Кьыхэхъуэрэ кIуащ, ди пащхьэ илъ тхылъри кьыщIыкIащ.

Сабийм Iэмал имыIэу и адэр, ар къэзылъхужар, абы и пэ итар ищIэн зэрыхуейр кьыхегъащ Людмилэ. НыбжьыщIэр лЭщIыгъуйблкIэ зэIэбэкIыфу щытынтхуейуэнэхъапэм ягъэувэу зэрыщытам гупсысэшхуэ зэрыщIэлъыр, абы я акылым зэрызригъэужьыр кьыхегъэщ. Ди жагъуэ зэрыхьэунци, кьызытепщIыкIар зымыщIэхэр куэдщ, уеблэмэ я адэшхуэм и цIэр кьыбжезымыIэф къахохI. Лыхь лъэпкъым и блэкIамрэ нобэмрэ ухэзыгъэгъуазэ тхылъ итхыным Людмилэ тезыгъэгушхуари арац: нэхъыбэм тхыдэр зыщIэмэ, и къуэпсым зыми. Абыхэм ящыщ зыщ тхыдэдж, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий.

- Мы тхылъым сэ хуабжьу сыщыгуфIыкIащ, сыту жыпIэмэ кьэгупсыса хэлъ щIэныгъэ щIэныгъуэным. - Гъэзэджэу лэжьащ Людэ, архивым щIэсащ, цIыхум и Iуэхущ1афэр дэфтэрхэмкIэ кьэгъэлъэгъуэныр тхыдэтхым зэрикъалэн нэхъыщхьэри кьыгурыIуэу си гугъэщ. Мыр щIэдзапIэщ. Зыщыщ лъэпкъым теухуауэ зыгуэр зэхьащIэну яужь ит дэтхэнэ зымкIи мы тхылъыр сэбэпышхуэ хъунущ.

Зи блэкIар зымыщIэм кьэкIуэн иЭкъым, жаIэ игъащIэм. Лъэпкъыр зэрыIыгъуу, зым адрейм пщIэ хуищIу кьэгъуэгурыкIуэным хуэлэжьэнущ мы тхылъыщIэри, и гуэдзу кIыхь ухъу! Тхъэм жиIэ!

ИСТЭПАН Залинэ.

● Май щIыналъэ

Теплъэр ирагъэфIакIуэ

Май къалэм и сату щIыпIэхэм теплъэ дахэ ират.

Мы гъэм щIэх-щIэхыурэ къеших уэшхым и зэранкIэ унэ зэтетхэм я япэ кьатхэм кьыщызэIуаха сатущIапIэхэм я Iуплъапlэр фаджэ хъуащ. Абы гу лъызыта район, къалэ администрацэхэм уней Iуэхущ1апIэхэр зейхэм зыхуагъэзащ кьалэм и теплъэр куэдкIэ зэлъыта щIыпIэхэр кьагъэщIэжьыну.

ЗЫ МАЗЭ пIалъэм къриубыдэу тыкуэн куэд кьыпхуэмыщIыхьжьным хуэдэу зэрагъэпэщажащ, уеблэмэ я Iэгъуэблагъэр плиткэхэмкIэ кьращыкIыкIри, удз, щхьэантIагъэ дахэхэр хасжащ.

Май кьалэм Лениным, Энгельс я цIэхэр зезыхьэ уэрам нэхъыщхьэхэращ сату щIыпIэ нэхъыбэ узыщрихьэлIэр. Мы махуэ зэкIалъэкIэм апхуэдэу теплъэ екIу ираташащ «Восток», «Ласточка», «Москва» тыкуэнхэм.

УнафэщIхэм кьызэрыхагъэщаммкIэ, теплъэфI зиIэ сатущIапIэхэм я гъэбжьыфIэр кьалэм и закъуэкъым, атIэ цIыхури нэхъ щыщащхуэр апхуэдэхращ. ХьэрычэтыщIэхэм яхэтщ кьэгъэсэбэп унэхэм кьыщынэмыщIауэ, ихъуреягъри зыгъэзагъэу, тепIыкъэпIэхэр екIуу зыгъэувыжьахэр. Ар цIыхухэм ягу дохьэ, щэхуакIуэхэри уэру кьокIуалIэ. Ремонт пажьыгъэ нэхъ зэщIыпIапхъэхэм ящыщщ Май кьалэм и сату центрыр. Ар 1977 гъэм кьызэIуахауэ зэрыщатыр кьэплъытэмэ, дауи, ремонт кьызэрыгуэкIкIэ зэфIэкIынукъым. Район администрацэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, абыи хэкIыпIэ кьыхуагъуэтынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Мамыр гъащIэм хашэж

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур иригъэкIуэкIащ терроризмэм, экстремизмэм, хабзэхъуэмэхэм, дзэ къулыкъущIэхэм, судыщIэхэм ятеуэрэм япэщIэтынныкIэ Iуэхущ1апIэхэм я зэдай лэжьакIуэ гупым и зэIущIэ. Абы хэтащ хабзэхъуэмэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм щызеуэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэ гупхэм, абыхэм ядэIэпыкъуэм, хабзэхъуэхэм, дзэ кьулыкъущIэхэм ятеуэхэм ебэныным, Интернеткlэ зэбграгъэх экстремист тхыгъэхэм щIыхуэхэр ящIыхьумэным хуэунэтIауэ кьэув кьалэнхэм зэрехьулIэм. КьызэрагъэзагъуамкIэ, хабзэхъуэмэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я гъащIэмрэ я узынщагъэмрэ ещанкIуэхэм зэрагъэщIэтыр ягъэпъащ1ами, а лжьыгъэр иджыри нэгъэсауэ кьызэгъэпэща чуакъым. Экстремизм нэщэнэ зыхэлъ тхыгъэхэр зэрызэбграгъэкIыр кьызэпыудыным теухуауэ зэфIагъэкIэхэм арэзы укьищIыкрыкым. КъБР-м щIэ Роскомнадзорым и IэнатIэр я щIэгъэжьэну яубзыхуа Iуэхугъуэ пызыхьэкIам щытыкIэр иригъэфIэкIуэну кьалъытэ.

Зэхьыхьэм кьыщыхагъэщащ терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэхэр щызэгъэтыну зи мурадхэр мамыр гъащIэм хэшэжьныныкIэ щыIэ Iэмалхэм, кьапщтэмэ, зы щIыпIэ республикэм и Iэтащхьэм деж кьыщызэрагъэпэща Комиссэм и лжьхьыгъэм Iуэхур зэхьэлIа псори хэгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

ЗэIущIэм кьыщащтащ кьапэщыт кьалэн пыухыкIаэр щыгъэбелджыла унафэ.

ЦIыхухэм яхуозэ

Прохладнэ районым и прокуратурэм и лжьакIуэхэм куейм и жылагъуэ 17-м зэхуэсэр щригъэкIуэкIащ, зэIущIэхэм хьыкъу къуажэдэсхэр я щхьэ Iуэхукlэ ирагъэблагъащ.

ПСОРИ зэхэту абыхэм цIыху 250-м щIигъу хэтащ. Зэхуэсхэм я гугъу щащIащ терроризмэрэ экстремизмэмрэ ебэныным теухуауэ зэфIагъэкIхэм, щIыпIэ администрацэхэм я лжьакIуэхэм профилактикэ мыхьэнэ зиIэ псалъэмэкъ щхьэпэ драгъэкIуэкIащ, зыхуэзыгъэзахэм чэнджэщхэр ираташ, щIэупщIахэри жэуапышэ хъуакъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Фэеплъ тхылъ ягъэхьэзыр

Ростов областым хьихьэ Мартыновскэ районым и Большая Мартыновкэ щIыпIэм Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхуныкIэ и жьыхадэм 2014 гъэм мазыжьыхьым и 16-м щыхасауэ щытащ Мартыновскэ районымрэ Кьэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэныбжьыгъуэр зыгъэбыдэ псейхэмрэ туехэмрэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ ираша жыгы-щIэхэр щыхасэм щыIащ «Урысейм и ДОСААФ»-м и КъБР-м щиIэ и къудамэм и тхьэмадэм и къуэдзэ МэщIыхъу Хъусен, Аруан районым щыIэ автошколым и унафэщI Гулэжьин Бесльэн. Мартыновскэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ Солопов Александр икIахэм фIыщIэ къахуищIащ я районым щыпсэужьхэмрэ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр зэрагъэбыдэм папщIэ.

Фэеплъ жыгхэр щыхаса Сальск губгъуэм 1942 гъэм 115-нэ Кьэбэрдей-Балъкъэр шуудэр нэмыц-фашистхэм щыпэуври, бийр Сталинград нэсыну зэреIэр кьызэтрагъэувыIауэ щытащ.

«Урысейм и ДОСААФ»-м КъБР-м щиIэ и къудамэмрэ Мартыновскэ районым и администрацэмрэ гуапагъэм, зауэм хэтахэм яхуэтщIын хуей щIэм дызэриIэлIащ. Районым и музейм щIэльщ хэкум и хъумакIуэхэм я лIыгъэм щыхьэт техьэу дэфтэрхэр, хьэпшапхэр. Большая Мартыновкэ районым и зы школымрэ и уэрамымрэ зэрахьэ 115-нэ шуудэм и лЫхьъжьхэм я цIэхэр. Абыхэм я щапхъэм щIэблэр щIапIыкI.

Илъэс кьэс Кьэбэрдей-Балъкъэрым и 115-нэ шуудэм и щIыхькIэ Мартыновскэ районым щрагъэкIуэкI абы щыпсэу лъэпкъ псоми я тонджэгуэр зыхэт зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар кьызэрагъэпэщащ мэлыжьыхьым и 12-м. Абы япэ увыпIэр кьыщахьащ урысхэм, етIуанэр-тыркухэм, ещанэр шэшэнхэм зыIэрагъэхьащ.

МЫРЭЗКЪАН Дисэ.

● Тыркум щекIуэкIа зэIущIэхэр

Адыгэм и тхыдэм къыхэщыж Iуэхугъуэ гуузэкIэ жъэщIихуахэм ящыщ Истамбул дыщыщыIа махуэхэм псэльэгъу тхуэхъуа, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэт, адыгэ уэрэдыжьхэмрэ макъамэхэмрэ зэхуэхьэсыжьным, гъэзэщIэным куэд щIауэ дихьэх, хэкурысхэми хамэ щIыпIэ щыпсэуэхэми фIы дыдэу ящIыху, Къэбэрдей-Балъкъарым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къуущхьэ Догъэн.

Догъэн адыгэ лъэпкъым и къуэ пажэхэм ящыщщ жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Ар къыщалъхуауэ щыпсэу Тыркумрэ и хэкужьыр здэщIэ Урысеймрэ ди лъэпкъэгъуэхэм ятеухуауэ сыт хуэдэ Iуэху къыщаIэти жьыдэру холэжьыхь, блэкIам хуищI пщIэмрэ къэкIуэнум зэрыпечжьафымрэ я нэщэнэщ и Iуэху дахэ зэтриублауэ Истамбул къалэкум зэрыщылажьэр. И адэжьхэм къащIэна хьэпшыпхэмкIэ, адыгэм ехьэлIауэ къэрал зэмылIэужьыгъуэ куэдым щызыIэригъэхьа дэфтэр, дамыгъэ, сурэт лъапIэхэмкIэ уэзда пэшым нобэрей махуэм зэрыдекIуи, и щхьэ зэригъэпсэужьи IуэхущIафэр щызэрехьэ. Адыгэру зыкIуэцIылъыр дэни щыадыгэщ. Километр минищкIэ зыпэжьыжьэ, пкъыр адэ щыIэми псэр куэдрэ щыхьащIэ адэжь щIыналъэм зэрыпыщIар къегъэлъагъуэ лэжьапIэ пэшым щIэлъ дэтхэнэ хьэпшыпми.

- Догъэн, уи пэшым зыщщэопIыхьхьри, си нэгум къыIуидзэ дэтхэнэ зы хьэпшыпми кьеГъэлъагъуэ адэжьхэм я фэеплъым уэзрыхуэпIэжымрэ хэкужьым къуэпс быдэкIэ уэзрыпыщIамрэ. Сэшхуэхэр, къамэхэр, уанэр уи япэ итахэм къащIэна, хьэмэрэ уэ зэхуэпхьаса?

- Уэ пльагъур сэ сиIэ псоми я Iыхьэ мащIэщ япэ ита. Абыхэм ящыщ куэд ди нэхъыжьхъэм ейуэ къысхуэнащ, иныкъуэхэри сэ къэсщэхуауэ аращ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ильэс блэкIахэм куэд дыдэ тфIэкIуэдащ, пщIэ хуамыщIу е и мыхьэнэр къагурымыIуэурэ ди къуэпхэм куэд зыIэщIагъэкIащ. Сэшхуэ, къамэ, джатэ, Iэщэ-фащэ хъуми, ахэр иужькIэ зэрызмыгъуэтыжьынур сщIэуэ, университетым сыщыщIэс зэман лъандэрэ къызощэху, зэхуэохьэс.

- Хэкум щIэх-щIэхыуэр унокIуэжри, абы къыздипха гуэрхэри яхэлъ къыщIэкIынщ мыбыхэм.

- Пэжщ, уэхэсыныр гугъущ. Дэ ди щхьэр мыбы щыIэми, дигури ди псэри хэкумкIэ нэгъэзащ. Абы дынакIуэмэ, адыгэ лъэпкъым, Iуэрыпуатэм теухуауэ сыт кьыстIэрыхьэми кьыздыдохь. Мы пэшым щыпIалъэу хъэнпшыпхэм нэмащIэ, сэ адыгэхэм ятеухуахэр зэрыт е ахэр кьызэрыщ сурэтыжь, тхылъыжь куэд хамэ кэрахалъэм щызэхуэхсьхэуэ сиIэщ. Абы щыщ зыкъом - дэфтэрхэр, тхылъхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым естащ. Си лъэпкъым теухуауэ сыт хуэдэ гъащIэгъуэн кьыслIэрыхьэми, и копиехэр хэкужьым зэрынэзгъэсьыным иужь ситщ.

- Мыхьэнэшхэу зиIэ мыпхуэдизэ хьэпшып щызэхуэпхьаскIэ, уэ езым уи мурэй къызэIуихыжу абы щыпхьэмэну ухуейтакъэ?

- СиIэщ апхуэдэ гуриIэн. Уеблэмэ, зэ езгъажьэрэ, зы мурэй щIыкIу къызэIусхамэ, Тыркум щызэхэсу ди къуэшхэм яхъумахэри кърахьэлIэурэ зэрызиубгъунум щэч кьытесхьэртэкъым. Ар дяпэкIэ зиужь ситын хуейуэ зыхуэзгъэувыж кьалэнхэм ящыщщ.

- Догъэн, уэ хэкужьми хамэщIми щекIуэкI адыгэ Iуэхуэхэм ящыщ зэхэлъэкыьхьхэм ущыщщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм уэхэтщ. НобэкIэ Тыркум нс адыгэхэм я Iуэху зыIутым, мыбы щылажьэ Адыгэ Хасэхэм уакъытхутепсэлъыхьыну сыхуейт.

- Пэжым ухуеИмэ, нобэ Тыркум щыпсэу адыгэм диIэ хуитныгъэмрэ щытыкIэмрэ куэдкIэ нэхъыфI хъущ ипэ ильэсхэм еГъытауэ. Ильэс 40-кIэ уэзIэбэкIыжмэ, адыгэхэр псори кьуажэхэм дэсу щытащ. Абы нэхъ хъума щыхьурт лъэпкъым и къугъуэфIыгъуэхэр, хабзэмрэ бзэмрэ. Псалъэм папщIэ, сэ ятэ классым сыщыкIуам тырку бзэ зыри сщIэртэкъым. «Уи цIэр сыт?», - жаIэу кьызэуупIамэ, абы жэуап счуэтыжьыртэкъым, кьызгурыIуэртэкъым. Ау эрэгъэщIа къэныкъуэкIэ уеплъмэ, къуажэхэр пхыдзащи, гъащIэм укъыщыкIэроху. Дэ дызыдэса къуажэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыгум ещхьу бэвкъым, тепсэIакIэ къэкIынутэкъым. Зэкъуэшиц хуэдизу ящхьэпсэм зым фIэкIа дэмыхуэмэ, мыдрей тIум я щхьэр ягъэпсэужьи мурадкIэ къаIэхэм Iэпхъуа хъущ адыгэхэр.

Иджыпсту къапщтэмэ, Тыркум щыIэ адыгэхэм я процент 80-р кьаIэхэм щопсэу, процент 20-р къуажэдэсщ. Ильэс 40-кIэ уэзIэбэкIыжмэ, кьаIэм дэс кьытхэту щытакъым. Иджы ди щIаIэхэр нэхъ еджак хъущ, IэщIагъэкIи зэпэщщ. Ар хъарзынэщ, гъащIэм зеужь, ауэ къуажэм дызэрыдэмысыжьрэ ди анэдэлъхубзэр тфIокIуэр. Сыт ар къызыхэкIыр? Ухэпхьауэ упсэумэ, аращ кьыпщыщIыр. Псалъэм папщIэ, сэ Истамбул сызыдэс хьэблэм метр 300-400-кIэ укIуэмэ, зы адыгэ унагъуэ бгъуэтын-умыгъуэтынщ.

Пэжщ, япэхэм Тыркум и къэрал хабзэхэм ящкь иткIэ нэхъ дэкъуэуаэ дыпсэууэ щытащ. Нобэ нэхъ хуит дыхъуащ. Тырку Республикэр Европэ Союзым хыхьэну зэрыхущIэкъум щхьэкIэ абы кьыпаубыд унафэхэр егъэзащIэ: лъэпкъ цIыкIуэхэм я бзэр, хабзэр, щэнхабзэр яхъумэжыныр, я бзэкIэ еджэкыну жэрдэм зиIэхэм кьаухуэрегъэпэщ. Мис а зи гугъу сщIы Iуэхуэхэм нэхъ толэжьыхь Тыркум щыIэ Кавказ Хасэхэм я федерацэр, КАФФЕД жыхуэтIэр. Адыгэбзэ зымыщIэ сабийхэм зэрырагъэщIэну тхыльхэр кьигъуэтащ, школхэм класс щхьэхуэ кьыщызэрагъэпэщыну пхигъэкIащ. Ауэ мыбдеж кьиин хэльщ, нэгъабэ кьащтэмэ, классищIи кьудейщ кьызэIутхыфар. Кьэралым кьигъэувым утетмэ, зы классым сабийуэ 8 щIэсин хуейщ егъэджакIуэ яхуигъэкIуэн папщIэ. Араци, дяпэкIэ адэ-анэхэр а Iуэхум нэхъ жыджэру иужь имыхьэмэ, апхуэдизыр кьэгъуэтыгъуейщ.

Иджыпсту ди Iуэхур хъарзынэу зэрыдэкIыи я зы нэщэнэу кьэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ хэкум худи Iэпыщ Iэныгъэр нэхъыфI зэрыхьэгъэ. Тыркум щыIэ Канказ Хасэхэм я федерацэм абыкIэ лъэкI кьигъанэркъым. Адыгэм адыгэпсэ Iуту иджыри тIэкIу дыкъызэтенамэ, зи фIыщIэр ди хасэ щIыкIуэхэращ. Ильэс 30-кIэ уэзIэбэкIыжмэ, Кавказ, адыги жьпIэу ядэу щытакъым. ИужькIэ хуэмурэ «щэрджэс» зыфIащми, сытми, хасэхэр кьызэIуахри, ди щIэбгъэ адыгэу нобэ кьэзыгъэсар ахэращ.

Тыркум Хасэу итым и нэхъыбэр хэтщ федерацэм. Къайсэр Хасэр кьапщтэмэ, абаазэхэри абхъазхэри кьытхохьэ. Зэхэгъэж диIэкъым, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, псори зэгъусэу хэкум дыкъэрахуащ, ди гуфIэгъуэри ди гукъуэри зыщ. Мыдэкlэ Истамбыл кьапщтэмэ, абхъазхэр нэхъыбэу дэсщи, Хасэ щхьэхуэ яIэщ, пэшэнхэри щхьэхуэу зэхуос.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщlакlуэ гупым уэхтщ. Иджыпсту абы зэфIигъэкI лэжьыгъэхэм, фэ, хэхэсхэм, нэхъ фэхьалIауэ ящIэхэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр щаухуам щыгъуэ, фэ зэрыфщIэщи, нэхъыщхьэу зыхуиГъэувыжауэ щыта кьалэныр хэхэс адыгэхэр зэшэлIэжьныр, зэгъэщIыхуныр, зэпыщIэжьныр аращ. КIэщIу жьпIэмэ, дунейм щикъухьа адыгэхэм я зэшэнэныгъэр иригъэфIэкIуэныгъ ятэ иригъэщыгъ. Ильэс 20-м щIигъуащ абы лъандэрэ. Нобэ уеплъмэ, а зи гугъу сщIа, ятэу зыхуигъэувыжа кьаIэныр игъэзэщIауэ жьпIэ хъунущ. ДАХ-м и лэжьыгъэкIэ, и фIыщIэкIэ дэнэ щыIэ адыгэри зэлъоIэс, зэрощIэ, зэкIэлъокIуэ. Мазищ-пIы къэс абы и Хасащхьэм хэтхэр дыхьэхуосри, дигу зыхуэныкъуэхэм дытопсэлъыхь, абы-хэм я хэкIыпIэхэр акъыл зэхэдзэкIэ кьыдолъыхьуэ - ар лэжьыгъэщхэщ. Абдеж занщIэу щызэфIэкIрэ? Хьэуэ, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, дэ ди гугъуехьхэр хуабжьу инщ, дунейм псом тепхъа лъэпкъым я кьынихэр цIыху зыбжанэм зэфIахьыфынукъым. А псоми Хасэм и закъуэ зэрыпэмыльэщращ, и къару кьызэримыхьращ идкыри щхэ зы дыщIэмыхьужар. Ар кьыдэхъуIэн папщIэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэр, къэрал, республикэ унафэщIхэр зы программэ хэхам тету зэдэлэжьан хуейщ.

Иджыпсту нэхъыбэу дызыгъэпIейтейм и гугъу щIыпмэ, Сирием кьыщыхъуа зауэрщ. Ар гуауэшхуэщ. Сыт фщIа жьпIэмэ, СХьР-м кьикIыу Тыркум къэкIуа адыгэ 1500-м псэупIэ кьахуэдгъуэтащ. Абыхэм ящыщхэр кьуажэхэми дэдгъэтIысхьащ, кьаIэхэми дэсщ. Я лэжьыгъэкIи, шхынкIи, кьэралыр хэмыту, федерацэр ядэIэпыкъуу аращ. Иджы зиужь дитыр абыхэм ящыщу хэкум сыкIуэжарэт жызыIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм нэкIуэжыну зэтедублэныщ. Зауэм зи псэр кьезыгъэлу Iэнэщ Iуэгуэру кьытеува цIыхум и дэфтэрыр тэмэмкъым жьпIэу пэбубыдыныр сфIэтэрэзкъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щтапIэ ихьэжа ди къуэшхэр нэхъ Iейуэ кьыхэзыгъэзыхьыр аращ. Дэ дроугфIэ, хэкум нэкIуэжыни зэрыщыIэм, зауэм хэрихужьа щыхъуакIэ, ахэр адэжь щIыналъэм щетIысэхьжамэ, арат нэхъ тэрэзыр.

- Кавказ зауэм иужькIэ хэкум кьына адыгэхэм заужьыгъэ кьекIуэкIащ, зи жьауэ щIэт къэралыгъуэм и фIыгъэкIэ. Нобэ Урысейм щызэпсэуэ зэкъуэш республикищми я Iуэхур хъарзынэу докI, я бзэр, я хабзэр яхъумэ, я литературэм, щэнхабзэм зрагъэIэт, экономикэ и лъэныкъуэкIи яхуэфIэкIыр ящIэу псэукIэр ирагъэфIакIуэ. Зи гугъу сщIы Iуэхуэхэм хамэщI щыпсэуэри елIэлIэн хуейщ зыхэсхэм яхэмышIысыхьжьыр щхьэкIэ. Ар зи пщэ кьыдахуэр хасэхэрац, сыт хуэдэ Iэмалхэр фиIэ лъэпкъыр лъэпкъыу кьызэтевгъэнэн папщIэ?

- Пэжым ухуеИмэ, бзэр, хабзэр хъумэжыным ехьэIауэ ди Iуэхур хуабжьу гуэвэгъуэщ. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, хэхэсыр хэхэсщ, абы хуащI гулъытэри, Епсэльэр

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.
Налшык - Истамбыл

● Жыжьэ - гъунэгъу

Налшык щэщI гъэхэм

Ди къалэр илъэс 290-рэ ирокъу

Иджыблагъэ сэ кьызэлъэIуащ блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм Налшык и теплъэу щытам сахутепсэлъыхьыну. А зэманым сэ къалэ гъунэм щыIэ Затишьери хэту щыхьэрым и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэр мыIейуэ къэсцIыхуат. Арац нобэ зи гугъу фхуэсщIынур.

НАЛШЫК япэу сэ сыкъыщыкIуар 1936 гъэм и гъэмахуэрщ. «Маяк» колхозым и завхозым абы фо ишэрти, сэ дэIэпыкъуэгъу сищIат. Малкэ къуажэм дыкьыдэкIащ гъэгъужьым дытету. Ар мывэкIащхьэр мывэкIэ кьищIыкIат. Къэлмыкъ БетIал и фIыгъэкIэ 20 гъэхэм Балъкъ, Бахъсэн, Шэджэм, Щхьэлыкъуэ псыхэм гъущIым кьыхъщIыкIа лъэмыжхэр тралъхат. 1936 гъэм Пятигорск - Налшык гъэзэгур ухуэн щIадзащ.

Бахъсэн нэху дыкъыщыкIри, етIуанэ махуэм дэ Щхьэлыкъуэ псым дыкъыщэрыкIащ. ЩIы IэнэщIышхэм ипIъаГъэзэр IэфIыкIэ фабрикэмрэ Лы комбинатымрэ я уиныкъуэщIхэр, адэкIэ псоми кьахэщырт Пединститутым и унэ дахэр. Ялэ псэупIэ унэр Мэлбахъуэмрэ Кировымрэ я уэрамхэм я зэхыьхэпIэм и сэмэгурабгъумкIэ кьащIыт. Абы пэжьэтэкъым Гидротурбинэ заводыр (Машзавод). ИжьырабгъумкIэ нартыхэу зэрыльтэ матэхэр Iуву щигъэувыкIат - мыбдеж элеватор щаухуэрт. Абы уфIэкIмэ, Степная уэрам бгъуфIэм (Лениным и проспект) къыщIидзэрт. МафIэгу цIыкIуэкIэ Кэнжэ пемзэ кьрашырт. Абы кьыхэщIыкIа блокхэмкIэ Налшык унэ куэд щахуащ.

Степная уэрамым и зэхуэдитIыр пхъэкIэ къищIыкIат. ЩIы Iэнэщ Iыкатищу зэтет унищ иращIыхьат Лы комбинатым и лэжьакIуэхэр щыпсэун папщIэ. СэмэгурабгъумкIэ уэрамым тетт налшыкдэсхэм я унэ цIыкIуэхэр. Абыхэм кьахэщырт 5-нэ школым и унэщIэр.

Степная уэрамымрэ школымрэ я зэхуакум тхъэмахуэ маху хэхэм бэзэр цIыкIу щызэхыьхэрт. Абы щащэрт Iэщ, пхъэ гъэсын, мэкъу, хадзэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэр. Иджы «Россия» хьэщIэщым и пIэм кьаIэ бэзэрыр щытт икIи абы къыпщылъ уэрамым зэреджэр Базарнэт (Пушкиным и цIэр зезыхь уэрам). Бэзэр дыкьэпIэм электрон сыхьэт ин фIэлът.

Бэзэрым и гупэм (Марие и фэеплъыр здэщытым и деж) щыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьраша аттракционхэр щагъэлъагъуэрт. Мыбдеж Степная уэрамым Пощт уэрамыр (Нэгумэм и цIэр зезыхь уэрам) щызэпиупщIыт. Ари пхъэкIэ кьищIыкIат. Пшахъуэ зытекIута лъэс зекIуанIэ бгъуэз кьыбгъурыт.

Пощт, Степная уэрамхэм я зэхыьхэпIэм пэжьжьэтэкъым Къэрал кIуащI Iуэхуэмкlэ наркоматымрэ Гушюсдорымрэ я унэщIэхэр. Абы зы километр хуэдизкIэ зэрыпэжьжьэр Щэбалъхъотребсоюзым и унэшхуэ дыдэр - къалэм щынэхъ лъагэр. Бахъсэн уэрамым (Головко и цIэр зезыхьэм) тетт Совнаркомым и унэ дахэр. Абы и щхьэми электрон сыхьэт фIэдзат. ЗэхэкIыпIэм пэжьжьэтэкъым областым и Советхэм я Унэ ныкъуэщIри. Пощт уэрамым щегъэжьауэ ЩхьэхуитныгъэмиИ хадэ цIыкIуи нэсхуэкIэ Къэбэрдей уэрамым асфальт телът.

Степная уэрамым кьыбгъурытт Выгонная (Горькэм и цIэр зезыхьэ) уэрамыр. Ижь лъэныкъуэмкIэ тетыр 3-нэ курыт школым (иджы 9-нэ школ) и закъуэт. Уэрамым и кIэм щыIэт поликлиникэ зыхэт сымаджэщыр.

1937 гъэм ышцхьэуIуи и кIэм сэ Налшык педучилищэм сыщIэтIысхьащ. ИпэIуэкIэ Пятигорскиу Бакууи сыщыIами, сэри си ныбжьэгъухэми я унэм и дахагъэр игъащIэкIэ дигу кьинэжащ. Пэш кIуэцIхэр дыщэпскIэ кьиилыкIат.

Пединститутым и гунэгъуэ Затишьем уэ цIыкIу зыбжанэ кьыщытт. Студентхэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэныр члисэ цIыкIуи ешхъ дачэ дахэрт. Абы хэт щыпсэуми тщIэртэкъым, ауэ, къыхэзыджаIамкIэ, 1921 гъэм Сталиным зыщигъэпсэхуат, иужькIэ Орджоникидзи къэкIуат. Затишьем щыщыIэм Сталиныр Къалмыкъыымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ къадэIэпыкъуащ, Къэбэрдей автоном областыр къызэрагъэпэщын папщIэ.

СощIэж иужькIэ Чернышевскэм и цIэр зыфIаща уэрамым и Iэшэлъашэхэм къхъжьей инхэр, нэгъуэщI жыгхэр кьыщыкIыу зэрыщытар.

А илъэсхэм Налшык къалэ канализацэ щыIакъым, псы зыщIаша унэхэр закъуэтIакъуэт, ауэ Пединститутым и унэм зытхъэщIыпIэхэри псыунэхэри щIэтт.

Затишьем, журт, нэмыцэ хьэблэхэм щыпсэухэм я пщIантIэхэм псыкъуийхэр дэтт. Къалэдэсхэм я нэхъыбэм псы кьыщрагъахъуэр псыежхьэрт е Суворовым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет псы кьижьлIэ цIыкIурт. Абдеж сыт щыгъуи цIыкуШхуэ щыэзтрикъэрт. Зы псы пэгункIэ бэзэрым и ПушI щIатын хуейт. Псы пэгункIэ бэзэрым яхьурэ щIалэ цIыкIуэм абыкIэ ахъшэ къалэжьырт.

Пединститутым и гъунэгъуэ яухуэ педучилищэм и унэ кьатищу зэтетыр зэкIэ хьэзыр хъуатэкъыми, щIалэхэм институтым и щIыунэр, хъыджэбзхэм унэм и ещанэ кьатыр хэщIапIэ хуащIащ. Зы пэшым дыщIэст лъэпкъищым, хэбгъэзэныкъмэ, лъэпкъыпIым щыщхэр. Мазэм щэ хьэмэмым дашэрт. Дэ институтым и шхапIэм дыщышэрт, курыт школ №3-м дыщеджэрт. ШколакIуэхэр пщэдджьыжьыкIуэт, дэ дышэджагъуакIуэт. 1938 гъэм и жэпуэгъуэм институтымрэ педучилищэмрэ я студентхэр щыпсэун общежитиякъызэIуахащ, къатипIлу зэтету. Школым дыщыкIуэкIэ, щIы Iэнэщ Iышхуэ зэпыдупщIын хуейт хъурт, гъэгур дгъэмэщIэн папщIэ. Гъатхэмрэ бжьыбгъэмрэ ятIэм дыпхьмыкIыфу хъэпэчт. Мы зэманым курыт школ №91-р здащыт щIыпIэм щыIащ Лениным и цIэр зезыхьэ куржы колхозым и кьутыр. 1937 гъэм къалэм Iэщ щаIыгъуу ядэжакъым - фермэхэр къахуахащ.

Затишьем мэкъумэш техникуми щылажьэрт. Абы и унэм кьыбгъурытт стадион. Езы къалэ стадионыр иджыдэм Къэбэрдей театрым и щIыпIэм щыIэт.

ПОЛИЩУК Иван.

● „Адыгэ псалъэ"-90

Амщокъуэ Шэ1ибэт илъэс кудкIэ ди газетым щылэжьащ. Абы екIуу, дахэу тридзэу щытащ ди корреспондентхэм я тхыгъэхэр.
А цIыхубз гуащIафIэм хуэмыварэза гъуэтыгъуейщ.

1976 гъэ

КЪУЩХЬЭ Догъэн:

Сэ адыгэу сыкъалъхуащ





Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Гъэзугъэм шынагъуэншэу щызекIуэным кIэлъыплъ Урысей МВД-м и Къэрал инспекцэр (ГИБДД) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 78-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ пшыхь Къэрал киноконцерт гъэлъэгуапIэм щекIуэкIащ.

ГИБДД-м и махуэшхуэ пшыхь

ЗИ МАХУЭШХУЭР зыгъэлъапIэхэм ехьуэхьуну гуфIэгъуэ зэIуIщIэм къырихьэлIат КЪБР-м и Парламентым, Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, жылагъуэ советхэм я лIыкIуэхэр. Зэхуэхьэр щекIуэкI пэшым щызэхуэсат зи къалэн зыгъэзащIэу зэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Махуэшхуэ пшыхьыр къыщIидзащ КЪБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и гъэгу-плъыр къулыкъум и батальон щхьэхуэм и лэжьакIуэ Дудар Мухьэмэд игъэзэщIа «ДПС» уэрэдымкIэ.

Къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ министру КЪБР-м щыIэм и кIалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ полицэм и полковник **Тату Къазбэч** кIыкIыр къыщырызэрагъэпэщрэ илъэс 78-рэ зэрырикъур зыгъэлъапIэ КЪБР-мкIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ.

- Фи махуэшхуэмкIэ сынывохъуэху. Ди республикэм и Iэгугъэм хабзэ щызекIуэным, шынагъуэншагъэр къыщызэрэгъэпэщным илъэс пщIы бжыгъэкIэ зи уэнчшагъэр, зи къарумрэ зэфIэкIымрэ Iэнатlэм езыхьэлIа ветеранхэм фIыщIэ фхузощI. Си гуапэщ фи нэгум сызэриплъэр, Тхьэм куэдрэ фигъэпсэу. Нобэ къулыкъур езыхьэкI, гуГъуеихьэм къыпимыкIуэт щIалэхэм, хъыджэбзхэм я дежкIэ фэ фыщапхъэщ, фыкъуикIуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъуди, ди лэжьагъуэм ящыщхэри я къалэн ягъэзащIэу тфIокIуэдащ. Дэ абыхэм я фэеплъыр зи тщыгъупщэнукъым, - жиIащ абы.

Полицейскэм lэжьыгъэзэщ зэрызэфIахыр, абы фIы и лъэныкъуэкIэ къырикIуэхэр къыхигъащIри, Тату Къазбэч зи къалэныр хьэлэлу езыхьэкI УГИБДД-м и лэжьакIуэхэм фIыщIэ тхылъхэр яритащ. ПщIэ зиIэ Iэнатlэм и ветеран гупышхуэми гулъытэ хуищIащ.

КЪБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщI полицэм и полковник **Бэджыдэ Юрэ** кIыхьигъэщащ автотранспортым и бжыгъэм кIуэ пэтми къызэрыхэхьуэр, абы инспекторхэм я жэуаплиныгъэм нэхъри къызэрыIэтыр.

- Ди лэжьакIуэхэм я лэжьыгъэр зэкъуэту зэрыраухэкIым и фIыгъэкIэ екъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрыдахьащ. Мы гъэм и ятIонэрэ ныкъуэм республикэм и гъэгухэм къыщыхьу авариехэр процент 30-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, Налшык къалэм хуэдитIкIэ абыхэм щакIэрыхуащ.

Хабзэхъумэ орган къэс езым и гимн иIэжщ. КЪБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и гимныр игъэзэщIащ Дышэкl Артур. Ар и Iэдакъэщ Iэщ композитор, продюсер ХьэIупэ Анзор. Ар къагъэсэбэпныжмкIэ хуитныгъэ къезыт дэфтэрыр махуэшхуэм ирырагъэхьлIэри утыкум щызэIэпахащ.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщащи, гъэгум шынагъуэншагъэр, хабзэр къыщыззэшIэпэщ лэжьакIуэхэр даIыгъ, гулъытэ хуащI республикэм и Парламентым, Правительствэм, министерствэхэм, ведомствэхэм.

- Зи махуэр зыгъэлъапIэ кIалэм мытыншым пэрыт лэжьакIуэхэм, ветеранхэм ди гуапэу дохъуэхъу. КЪБР-м и Правительствэм фи Iэнатlэм и лэжьыгъэр лъагэу кьелъытэ. Къэрал автоинспекцэм и тхыдэм и гугъу пщIымэ, псом апэ ар зи гъащIэ емыблэжу къулыкъу мытынышр езыхьэкI цIыхухэрщ. Фи махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу, уэнчшагъэ, унагъуэ насыпI, зэIуэзэпащIагъэ, мамырыгъэ фиIэну си гуапэщ, - жиIащ утыкур хуит зыхуащIа КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Марьяш Ириндэ** икIи лэжьакIуэ къыжжяныкIахэм щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр яритащ.

Iэхуигъэ гуапэм къыпищащ КЪБР-м и Парламентым экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпныкмкIэ и комитетым и унафэщI **Шумахуэ Арсен**. Махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм ар ехьуэхьуащ икIи зи къалэнхэр зыхьэкIэкI къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэ гупым КЪБР-м и Парламентым къыбгъэдэкI щыхь, фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр яритащ.

- Фи Iэнатlэр къыпэщыхьэ къалэнхэм ехьулIэ, зи къулыкъур пщIэ иIэу, хьэлэлу езыхьэкIщ. Тыншкъым жащ, махуэ имыIэу фызыпэрыт лэжьыгъэр, гугъуехьхэм фыпэлъэщу ерыщу ехьулIэныгъэхэм фыхуокIуэри, ар пщIэщ,- захуигъэзащ пшыхьыр зытеухуахэм УФ-м и МЧС-м и Iуэхущ Iапl э нэхъыщхьэу КЪБР-м щыIэм и унафэщым и къуэдзэ **Борисов Вячеслав**. Лэжьакl уэ нэхъыфIхэм я управленэм и щIыхь тхылъхэри яритри, УГИБДД-м и унафэщI Бэджыбэ Юрэ фэеплъ саугъэт Iэщ Iилъхьащ.

Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Тонконог Анатолий** УГИБДД-м и ветеранхэм махуэшхуэ псалъэ гуапэхэмкIэ зэрыгъэзащ, нобэ къалэныр жэуаплиныгъэр зыхащIу езыхьэкI щIэблэ зэрагъэсам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ. «Ди къару зэкъуэткIэ республикэм и щIыхьэрым и Гъэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызыдогъэпэщ. Иужьрей зэхъуэкIыныгъэхэм фIы кьрикIуэну дыщогугъ, - жиIащ абы икIи адрейхэми хуэдэу, я администрацэм кьыбгъэдэкI фIыщIэ, щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщащэм яритащ. Апхуэдэуи къыхигъэщащ УГИБДД-м и къалэ Iэхуущ Iапl эм компьютер техникэ зэрыхухахар.

КЪБР-м и Прокуратурэм и къудамэм и прокурор нэхъыжь **Хурэ Тимур** зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм щехъуэхъуэм къыхигъэщащ инспекторхэм я лэжьыгъэр къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкl э Iэнатlэм щынэхъ гугъуэхэм ящыщу зэрыщытыр. ДПС-м и батальон хэхам, псынщIэу Iэхуэм гулъытэ хуэзыщI ротэ щхьэхуэм, районхэм эдэй регистрацэ-экзамен къудамэм я эдэлэжьэныгъэм ехъулIэныгъэр къызэрырикIуэр.

Полицейскэм езыхэм я къаркIэ махуэшхуэ концертыр къызэрагъэпэщащ. Абыхэм дахэу уэрэд жIэ икIи ябгъэдэлъ эзфIэкIыр куэдым гъэщIэгъуэн ящыхьуат. ГАИ-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и къупыкъум и инспектор полицэм и майор Вэрокъуэ Тимур игъэзэщIа я къалэным пэрыту хэкIуадэ я ныбжьэгъуэхэм хуэгъэпсэ «Сэ къэзгъэзэжынущ» уэрэдыр къызэхуэсахэм я гум хыхьат. Кърагъэблагъэ ветеранхэм хухахат абыхэм дэрэжэгъуэ яхэзылъхьа «Мелодия» ансамблым игъэзэщIа «Пшыналъэ» композицэр.

Пшыхьым кьрихьэлIахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ сабий ансамблхэм, артистхэм псалъэ гуапэхэр жаIащ.

Я къалэным щыпэрытым деж я нэгум ткIиягъ иплъагъуэми, ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм гушыIэ зэрахэлъыр Iмахуэшхуэ пшыхьым щагъэлъэгъуащ: ГАИ-м иджы иIэщ КВН гуп, «Пристегнутый отдел» фIащащэ. ГъащIэм уэзыщрихьэлIэ щытыкIэхэм теухуа гушыIэхэм, теплъэгъуэхэм къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Конгрессхэр

Бадзэуэгъуэм и 25 пщIондэ тхылъхэр къыIах

ЩыщхьэуIум и 21 - 23-хэм Къэзан къалэм щызэхашэнущ «ЦIыхубзыр - дунейпсо цIыхубзм зезыгъэуэзащI лъапIэныгъэщ» зыфIаща Ямэ къэрал зэхуаку конгрессыр. Абы щызэпкърахьнущ къулыкъущIапIэхэм, экономикэм, бизнес мащIэм и IэнатIэхэм цIыхубзхэм щаIыгъ увыпIэр зыхуэдэр.

Саетовэ Лианэ

ЦIЫХУБЗХЭР хьэрычэт лэжьыгъэм тегъэгуушэуным, абыхэм я жыджэрагъымрэ я зэфIэкIымрэ хэгъэхъуэным пщIа Iуэхуэгъуэхэм тепсэлъыхьнущ, мастер-классхэр ирагъэкIуэкIынущ. Апхуэдэу иджырей экономикэ пэрыт убзыхуным, инвестицэм хуэфащэ лъабжьэ кьыхуузэгъэпэщынущ, нэгъуэщIхэм я Iэдакъэщ Iэкl Iэхэм ефIэкI продукцэ гъэхьэзырыным тегъэпсыхьа проект зыбжанэм хэплъэнущ.

- Хабзэу уваэ, цIыхубзхэм къулыкъущIагъуэ лъагъэсыркъым. Ауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ щытыкIэм зезыгъэхъуэжьыфиу цIыхубзхэр хэмыту захуагъэ хэлъу, зэпIэзэрыту жылагъуэм зэрызпыхуемыгъэужьынур, - къыхегъэщ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI, «Тэтэрстаным и цIыхубз жыджэрхэр» зэгухьэныгъэм и президент Саетовэ Лианэ.

Конгрессым кIуэнухэм пщIэ щIатын хуейщ. ЗыщIэупщIэну хъыбархэр www.kongress-woman.com сайтым къыщагъуэтынущ. Зевгъэтхынымэ, Тэтэрстан Республикэм и Акганыш муниципалIэ районым и гъэзэщIакIуэ комитетым экономикэмкIэ и къудамэм +7 (843) 238-04-84 телефонымкIэ фыпсалъэ е info@kongress-woman.com электрон хэщIапIэр къэбгъэсэбэп.

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 25 пщIондэ тхылъхэр Iахынущ.

ДЖЭГЪУЭФ Маринэ.

● Псалъэмакъ щхьэпэ

ЩIэблэр яущий

Сабий реабилитацэмкIэ «Лэгъупыкъу» центрым щекIуэкIащ къыдэкIуэтей щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъу къэгъэтэджыным теухуа зэIущIэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Парламентымрэ Налшык къалэ администрацэмрэ я лIыкIуэхэр хэту ирагъэкIуэкIа псалъэмакъыр ехьэлIат атом электростанцэхэм къыщыхьуа авариешхуэхэм цIыхуэхэм кьахуихьа насыпышагъэм. Абы кьыщыпсэльащ Чернобыль аварием хэтхэм я зэгуэхьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Iэтащхьэ Кучмезов Алийрэ аварием и Iэужь шынагъуэхэр гъэкIуэдыныжмкIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм хэта Щэрыгуэжь Асльэнрэ. Абыхэм зыгъэпсэхупIэ центрым иджыблагъэ кьраущэлIа цIыкIуэр щыгъуэзэ ящIащ атом станц кьэуахэм насыпыншагъэ кьыдэкIуэахэм: цIыхуу хэкIуэдам, игъащIэкIэ мыхьужьи фэбжь хэзыхахэм, дыкъэзыуэхъуреихь дунейм и щIыуэпсым лейуэ ирихам.

ЗэIущIэм къызэрыгъэпэщахэм къызэрыхагъэщамкIэ, мыпхуэдэ зэпсэльэныгъэхэр ди республикэм и адрей сабий санаторэхэми, гъэмахуэ зыгъэпсэхуэпIэхэми щрагъэкIуэкIынущ икIи мэгугъэхэр, дэтхэнэ зи зэхьхьэми дерс щхьэпэ кьыхахыну. «Псом я щхьэр щIэблэм зыщалъхуа хэкумрэ я лъахэмрэ фIыуэ я лъагъуу, абы кьыщыхъу насыпыншагъэхэр гурэ псэкIэ зыхащIу, хэкупсэу кьэгъэтэджэныращ», - жаIащ абыхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Гъэсэныгъэ

Хэкупсэ нэсхэр

Урысейм и ДОСАДФ-м и Тэрч куей къудамэр зэфIэкI зиIэ Iэнатlэхэм ящыщу къалъытэ. Псом хуэмыдэу абы дажьыгъэшхуэ щокIуэкI щIалэгъуалэм хэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныр теухуауэ. КъищынэмыщIауэ, зы илъэси кьанэркъым Урысейм ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ, зи армэ дэкIыгъуэ щIалэу щIы бжыгъэхэр дэя кьулыкъум хуамыгъэхьэзыру.

ИДЖЫПСТУ ДОСАДФ-м и автошколым цIыху 21-рэ щрагъаджэ. Ахэр кьэщIэкIынущ шоферхэу, ауэ абы и мызакъуэу, дэя хуэIухуэщIэми лъэныкъуэ куэдкIэ хагъэгъуазэри, ар иужькIэ сэбэпышуэ кьахуохъуж.

ДОСАДФ-м и Тэрч районым къудамэм ехъулIэныгъэ иIэу зыкъыщигъэлъэгъуащ иджыблагъэ екIуэкIа автомобилистхэм я республикэпсо зэхьэзэхуэм. Абы джылахъстэнэ щIалэхэм етIуанэ увыпIэр къыщахьащ, Прохладнэ дэт автошколым фIэкIа зыри япэ ирамыгъэщу. ФIы и фIыжу зыкъэзыгъэлъэгъуахэм хабжащ Семэн Борисрэ ТхьэиIа Аликрэ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, мы махуэ зэкIэлъыкIуэхэм курсантхэм ГТО-м и мардэхэр тыныжмкIи зэфIэкI къарзынэхэр республикэ зэпеуэ кьыхэрыщагъэлъэгъуари.

Школым и курсантхэр ехъулIэныгъэ яIэу я къэралым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр кьыщIитеуа махуэм (мэкъуэуэгъуэм и 22-м) екIуэкIа щIыналъэ автопрофессиу.

КЪУМЫКЪУ Руслан.

Нэплъэгъуэм къиубыд дахагъэ

Нарткъалэ дэт Сабий художественнэ школым (ДХШ) къызэрауахамкIэ дэфтэрхэр мы махуэхэм еджакIуэ гупым иратыжащ.

ДХШ-м и унафэщI Къардэн Равидэ къызэрыджиIамкIэ, нобэ мы школым сабийуэ 140-рэ кьокIуалIэри, абыхэм я зэхэщIыкIым, я творческэ Iуэху еплъыкIэм зэрызрагъэужьыным зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIэ.

«Сурэтыщ Iым иIэжщ дэрэжэгъуэ дакъикъхэхэм къагъащI езым и дуней телъыджэ. Псом я щхьэр я дуней дахэр хъумэнырщ, гъащIэм хилъагъуэ щхьэхуэмкIи кьыбдэгъуэшэфу я гур зэIухынырщ», - жеIэ унафэщIым.

ЕджапIэм и гъэсэнхэм я творческэ зэхэщIыкIым зиужьын папщIэ, дауи, хуиту мы дунейм хэплъэн хуейщ. ДХШ-м и еджакIуэхэр щIэх-щIэхурэ дунеяплъэ яшэ, районми, республикэми щекIуэкI зэхьыхьэхэм я зэфIэкI зэрыщагъэлъэгъуэным хущIокъу. КъащIтэмэ, абы и гъэсэнхэр ехъулIэныгъэ яIэу хэтащ Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIа сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я фестиваль-зэпеуэм. А зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Уваровэ Элеонорэ. Тхьэзэплъ Залинэ етIуанэ увыпIэр кьихьащ, ещанэр Хьэждэгу Элинэ кьыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу щыгуфIыкIыпхъэщ школым и егъэджакIуэ Хьэх Альбинэ «Петергофдетям России» урысейпсо зэхьэзэхуэм ди республикэм щыщу хэтыну цIыхуиим зэрахэхуар. Альбинэ зэфIэкI хъарзынэ бгъэдэльщ икIи зэпеуэ куэдым гулъытэшхуэ кьыщыхуащIащ. Абы кьэкIыу и лэжьэныгъэм и гъэсэнхэм щэч кьытрахьэркъым кьэрал утыкуми ехъулIэныгъэкIэ зыкъыззэрыщигъэлъэгъуэнум. Ар зыхэтыну дунеяплъэ-конкурсыр махуитхукIэ екIуэкIынущ - щыщхьэуIум и 13-м щыщIэдзауэ и 18-м нэсыху.

Къардэн Равидэ щыгъуазэ дищIащ мы гъэм я школыр илъэс 25-рэ зэрырикъум. Ар зыхуэзэр жэпуэгъуэм и 13-ращи, сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэщ Iэкl Iэ нэхъыфIхэр утыку къыщрахьэну выставкэм псори гуапэу ирагъэблагъэ. Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахынущ Ткаченкэ и цIэр зэрихьэу Налшык дэт Изобразительнэ гъуазджэмкIэ музейм.

ДУДЕЙ Заремэ,
КъБКъУ-м гъуазджэмрэ цIыхубэ хъыбарезгъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къудамэм щедж.

Нарткъалэ дэт Сабий художественнэ школым и гъэсэнхэр.

● Футбол

Налшыкдэсхэр ерыщу йобгъэрыкIуэ.

«Спартак-Налшыкым» «Алания»-р хегъащIэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014 - 2015 гъэхэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ Владикавказ и «Алания»-м щэбэтым дригъэкIуэкIащ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Алания»-мрэ я Iэхуэхэр иджыпсту зыщ - илъэситIщы и пэкIэ премьер-лигэм хэта а командитIыр мыпкъукIэ пэмыльэщу япэ дивизионым езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ мы гъэм къыхэкIыжауэ щIэрыщIэу я гупхэр кьыззрагъэпэщыж, я щIыпIэхэм кьыщалъхьуа щIалэщIэхэр я тегъэщIапIэу. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я футболкомандэ нэхъыфIхэр щызэхуэзэкIэ сыт щыгъуи удэзыхьэх зэрыхъум иджыри адэкIи кьыщыпищащ мэлыжьыхьым и 5-м Налшык и «Спартак» стадионым щрагъэкIуэкIа зэныбжьэгъугъэ зэIущIэм.

Джэгум и пэщIэдзэр налшыкдэсхэм жьыджэру ирагъэжьащ. икIи Бажэ Амир гъэзэщIа зэуа топым кьригъэзэщIа папщIэ, хьэщIэхэм я гъащIэхэтетым и зэфIэкI псори кьыщэхъуихар. ЯпэщIыкIэ Гъурф Азэмэт кьыхута топыр Науменкэ Александр щхьэкIэ дигъэкIащ. КъыкIэлъыкIуэу Къуэн Заурбэч «Алания»-м и штрафным псоми щалэщIэкIри, бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ.

ТекIуэныгъэр кьахуэзыхьа топыр дзэыгъэкIар налшыкдэсхэм я капитан Бажэ Амирщ. Мэшыкъуэ Хьэчим Iэззу кьурита топыр абы Iэкl уэлъакIуэу кьигъэсэбэпащ.

«Спартак-Налшыкым» хэту а махуэм джэгуащ: Щоджэнэр (Хьэнийр), Абейр (Абазэр), Науменкэ, Васильевыр (Емкъужьр), КIыщыр (Ахриевыр), Къуэн З. (Шумахуэр), ДыщэкIыр (Балэр), Гъурфыр, Каркаевыр (Мэшыкъуэр), Бажэр (Алчагировыр), Гугуевыр (Къуэн А.).

- Зэхьэзэхуэм щыщIидзэнур иджыри зэрамыбзыхуам къыхэкIыу, зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр идогъэкIуэкI, зыхэдгъэхьэну ди мурадхэм дакIэлъоплъ, - къыджиIащ иужькIэ дызыхуэза ди командэм и тренер нэхъыщхьэ Биджий Хьэсэнбий. - Владикавказ и «Алания»-м къарзынэу дыдэджэгуащ къыдольытэ икIи ар топитIкIэ ди япэ ищами, текIуэныгъэр зыIэрыдгъэхьэфащ. Дызыхэху «Ипщэ» гупым зэпеуэм щыщIидзэнур кьыхьIыхь хъумэ, иджыри зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр едгъэкIуэнущ.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, 2014 - 2015 гъэм етIуанэ дивизионым щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм бадзэуэгъуэм и 20-м щIидзэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Инджылызыбзэр зэвгъащIэ!

Бадзэуэгъуэм и 14-м щыщIэдзауэ лэжьэнущ инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школ. Абы щIэтIысхэнухэр мэкъуауэгъуэм и 30-м щегъэжьауэ ятх. Гупхэр илъэси 8 - 14, илъэс 15 - 18 хьуэхэм ятещIыхьауэ къызэрагъэпэщынущ.

ЕджапIэм къекIуалIэхэр гъэмахуэ мазэхэм кьриубыдэу инджылызыбзэкIэ псэльэфу, кьеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядалэжьынур илъэс 30-кIэ США-м е къэджакIуэу щыIащ.

ЕгъэджакIуэм урысыбзэ зэримыщIэм къыхэкIыу школым щIагъэтIысхьэну ятххэр адыгэбзэ зыщIэхэрщ. Телефоныр: 8-967-417-78-85.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, ЩIэхъэщмыщI Иэз.**

Адыгэ псалъэ» газетыр КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкl э - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl эхэм ядолжэныжмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэху жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хэнтыныгъэр хъумэныжмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапl эм № Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ТекIуэкI Заретэ, корректорзу Афэ Тамарэ** *(2, 4-нэ).* **ПкIытIыкI Азэмэт** *(1, 3-нэ). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.002 ● Заказ №1350